*Мозг виноват – рука права:*
*Расстанься с шеей, голова!»*
*Он выхватил у стражники кинжал,*
*Сверкнул клинок,и–упорхнула птица…*[1:121-124]

И в реальной жизни встречаются подобные мужественные поступки.

В поэме есть еще один эпизод, о котором следует отметить. Это смерть Кира. По историческим фактам Кир погибает в схватке с Тумарис. В поэме это история рассказана в другом плане. Злодея Шаха убивает безухий массагет.

Образ безухого массагета, созданного фантазией поэта, свидетельствует о том, что в век амазонок отважными были не только женщины. С другой стороны через изображение данного героя показана преданность массагетов своей земле, их стойкость и мужество.

Жанровая особенность поэм И.Юсупова связана с их внутренним идейным содержанием. Так например в поэме «Тумарис» синтез реалистического и мифического способа изображения ярко отображает протест против тирании, отрицания захватнических войн всех времен.

Таким образом И.Юсупов своими поэмами внёс большой вклад в национальную каракалпакскую литературу. А стилевые разнообразия поэм И.Юсупова свидетельствуют о совершенстве его художественного таланта.

**Литература**

1. Юсупов И. Стихи. -Москва: «Художественная литература». (Перевод на рус.яз. Г. Ярославцева) 1976.
2. Геродот. История. I, 214 (Из 117 стр. выше указанной книги И. Юсупова).
3. Страбон. География. XI, 8. (Из выше указанной книги И. Юсупова).
4. Малляев Н. История узбекской литературы. –Ташкент: 1967, -С. 49-50.

**РЕЗЮМЕ**

Жанр, тур, формаларнинг қорақалпоқ адабиётшунослигидаги талқини ва авторнинг шахсий илмий тадқиқот хулосалари ёритилади. Поэма ва унинг И.Юсупов поэзиясидаги шакилланиши ҳақида илмий фикрлар берилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье исследуется литературный жанр, вид, род и жанровая форма поэма в каракалпакском литературовведении. А также даны авторское заключение научного анализа поэмы, как литературная форма в поэзии И.Юсупова.

**SUMMARY**

The article examines the literary genre, type, genre and genre form of the poem in the Karakalpak literature. And also given the author's conclusion of the scientific analysis of the poem, as a literary form in the poetry of I.Yusupov.

## ÁDEBIYAT SABAQLARÍNDA SHÍǴARMALARDÍ BLUM TAKSONOMIYASÍ TIYKARÍNDA OQÍTÍW

**G.Mambetova –** *assistent oqıtıwshı*
*Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** adabiyot darsi,taksonomiya, metodika, bilish, tushunish, foydalanish, analiz, sintez, baholash.
**Ключевые слова:** урок литературы, таксономия, методология, знания, понимание, использование, анализ, синтез, оценка.
**Key words:** literature lesson, taxonomy, methodology, knowledge, understanding, use, analysis, synthesis, evaluation.

Hár qanday jámiyette bilimlendiriwdiń joqarı sapalı bolıwı-belgili bir dárejede bilimlendiriw sistemasındaǵı panlerdiń, ilimniń jetilisiwi menen emes, al sol ilimniń yamasa panniń oqıtılıw metodikasınıń jaratılǵanlıǵı hám usı metodikanıń jámiyet rawajlanıwına, oqıwshınıń sol pándi ózlestiriwi arqalı kámil insan bolıp jetilisiwi hám keleshekte ilimniń hám jámiyettiń rawajlanıwına qosatuǵın úlesi menen bahalı bolıp esaplanadı.

Búgingi kúnge shekem qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw boyınsha bir qansha bahalı ilimiy miynetler baspadan shıqtı hám mekteplerde usı metodikalar tiykarında ádebiyat sabaqları sapalı oqıtılıp kelinbekte. Degen menen, búgingi kúnde xabar texnologiyalarınıń tezlik penen rawajlanıwı, sociallıq tarmaqlarda derlik barlıq maǵlıwmatlardı ańsat hám tez tabıw múmkinshiliginiń ósiwi, sabaqlardı burınǵı metodika tiykarında oqıtıwdıń búgingi oqıwsh talabına juwap bere almaslıǵı, oqıwshını biraz jalıqtırıp, pánge bolǵan qızıǵıwshılıǵınıń tómenlewine alıp keletuǵınlıǵın kórsetpekte. Házirgi waqıtta sabaqlarda keyingi dáwirlerde sabaq barısında paydalanılıp atırǵan grafikalıq organayzerler (klaster, balıq skeletı, SWOT texnologiyası, mozayka, "T" kestesi, PSMU, nilufar gúli hám t.b) bilim sapasınıń biraz jaqsılanıwına alıp kelse de, ádebiyat sabaǵı oqıwshıǵa beriwi kerek bolǵan bilimlerdi bere almay atır. Ádebiyat sabaǵınıń úyrenetuǵın tiykarǵı obyekti- ádebiy shıǵarma bolsa, maqseti -apiwayı adamdı emes, al kámil insandı tárbiyalaw, shıǵarmanı talqılap úyreniw onıń eń baslı metodlarınıń biri bolıwı kerek, biraq búgingi kúnde ádebiyat sabaqlarında kóbirek kórkem shıǵarmanı analizlewge emes, al tek oqıp mazmunıń aytıp beriw, shıǵarma avtorınıń qaysı jılları jasap, qanday shıǵarmalar dóretkenin atap ótip ketiw arqalı oqıwshılardı bahalaw baslı metodika wazıypasın atqarıp atır. Bul haqqında ózbek ilimpazı Q.Yuldoshev tómendegishe pikir bildiredi: "Kórkem shıǵarmanı talqılaw bilimine jeterlishe iye bolmaǵan filolog qánige oqıwshılarǵa neni "beriw"di bilmegenińdey, olardan neni "talap etiw"di kóz aldına keltire almaǵanı sebepli, ádebiyat sabaqlarında oqıwshılarǵa kerekli wazıypa qoyılmaydı. Oqıwshılar qıyal dúnyasın rawajlandırmaytuǵın, aqılın zorıqtırmaytuǵın, jeńil-jelpi "bilim"ler ádebiyat boyınsha jaqsı baha alıw ushın jeterli esaplanıp kelinedi. Mısalı, fizika páninde pútkil álem tartılısıw nızamın jaratıw ushın Nyutonnıń basına oylamaǵan jerde túsip ketken alma túrtki bolǵanın aytqan, biraq nızamnıń mazmunın bilmegen oqıwshıǵa "jaman" baha qoyıladı hám tuwrı qılınadı . Biraq Alisher Nawayınıń "Hamsa"sınıń bes kitaptan ibaratlıǵı, onıń eki yarım jıl dawamında jazılǵanlıǵı hám dástanlardıń jaylasıw tártibin aytıp bergen oqıwshıǵa, ol "Hamsa"nı ashıp kórmegen bolsa da, "jaqsı" baha qoyıla beredi. Ádebiyat sabaǵı boyınsha neni talap etiw kerekligi anıq belgilep alınbaǵanlıǵı ushın sol "bilim" jeterli dep qaraladı [1:15].

Ózbekstan Respublikası 2021-jılda xalıqaralıq PISA (*Programme for International Student Assessment*) bagdarlamasına, oqıwshılardıń bilim dárejesin usı bağdarlama boyınsha tekseriw joybarına qosıldı. Bul PISA - xalıq aralıq baǵdarlamasında oqıwshınıń bahalanadı oqıwshılardıń real ómirge tayarlıq dárejesi , yaǵnıy olardıń mektepte alǵan bilimlerin real ómirde (turmısta) qollayna alıw qábiletleri bahalanadı

Xalıq aralıq bahalaw baǵdarlamalarına tayarlıq kóriw boyınsha aldımızdaǵı wazıypalar oqıw, matematika hám tábiyiy pánlerdi oqıtıwda zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalar interaktiv metodlardan nátiyjeli paydalanıw, tábiyiy pánlerde pánler aralıq baylanıslardı kúsheytiw, anıq, tábiyiy hám filologiya baǵdarlarındaǵı tayanısh mektepleri seminarlarında xalıq aralıq baǵdarlamaları, olarda paydalanılatuǵın tapsırmalar boyınsha shınıǵıwlar alıp barıw bolıp esaplanadı. Oqıwshılardan PISA testlerinde talap etiletuǵın baslı nárse - oqıwshınıń berilgen sorawlardı sheshiwde óz jeke pikiri, dóretiwshilik kózqarası, bilgenlerin turmısta qollana alıw múmkinshiligin tekseriw bolıp tabıladı. Biz búgin maqalamızda sóz etpekshi bolıp

otırǵan «Blum Taksonomiya»sı oqıwshıda joqarıda atap ótilgen kónlikpelerdi rawajlandırıwda járdem beredi.

“Taksonomiya” ataması (grek tilinen alınǵan bolıp, ***taxis***- jaylasıw, qatar hám ***nomus***- nızam)-sistematikanıń organizmlerdi klassifikaciyalaytuǵın teoriyalıq hám ámeliy bólimi. Termindi Shved botanigi O. Dekandol (1813-j) ilimge kirgizgen [2].

Blum taksonomiyası 1956-jılı Amerikalı psixolog Benjamin Blum basshılıǵındaǵı bir topar alımlar tárepinen engizilgen bolıp, taksonomiyaǵa Blumnıń “Tálim maqsetleri taksonomiyası: biliw jónelisi” kitabındaǵı ideyaları tiykar bolǵan.

Blum taksonomiyası oqıtıwshılar tárepinen oqıwshılarǵa qoyılatuǵın wazıypalardıń klassifikaciyası hám usıǵan muwapıq oqıw maqsetlerin usınadı. Ol tálim maqsetlerin úsh tarawǵa ajıratadı: *kognitiv, affektiv, psixomotor*. Bul úsh tarawdı ápiwayı túsinik penen *bilemen, sezemen, jarataman* (yamasa teoriya, ámeliyat, óndiris) sózleri menen túsindiriw múmkin. Hár bir tarawdı tereń iyelew ushın aldıńǵı dárejedegi tájiriybe talap etiledi. Blum taksonomiyasınıń maqseti-oqıwshılardı hár úsh tarawǵa da itibarın qaratıw hám sonıń menen birge, oqıtıwdıń eń tolıq formasın jaratıw bolıp esaplanadı [3].

Kognitiv qábilyet - bul maǵlıwmattı qabıl qılıw, qayta islew, tańlaw, eslep qalıw, saqlaw hám tákirarlaw ushın juwapker bolǵan shaxstıń barlıq kognitiv aqılıy processleriniń jıyındısı. Blum taksonomiyasında tálim maqsetiniń kognitiv jónelisi tómendegishe klassifikaciyalanadı.

1. Biliw dárejesi alınǵan maǵlıwmatlardı yadlaw hám tákirarlawdan ibarat. Talaba tiykarǵı túsiniklerdi, anıq faktlerdi, qaǵıydalardı úyrenedi hám olardı tákirarlay aladı. Birinshi basqıshta tema haqqında yamasa shıǵarma haqqında ulıwma túsinik payda boladı. Biliw dárejesi tiykarǵı dáreje dep qaraladı, olarsız keyingi modellerdi qurıw qıyın.

2. Túsiniw dárejesi. Bul jerde eń jaqsı mısal – tákirarlaw. Bul oqılǵan tekstti óz sózleri menen qayta aytıp beriw dep túsinilse úlken qátege jol qoyıladı. Bul eslep qalınǵan nárselerdi qayta qoyıp beriw emes, al túsinilgen nárselerdiń kórinisi bolıwı kerek, yaǵnıy tekstten úyrengenlerin jańa orınlarda qollana alıw, shıǵarma jazıwda tekstten alǵanların silteme sıpatında orınlı qollana alıw, onı óz pikirleri menen analizley alıwdı úyreniw. Sonday-aq, teoriya tiykarında tekst jaratıw, yamasa kerisinshe tekstti teoriyaǵa aylandıra alıw.

3. Qollanıw dárejesi. Bunda ózlestirilgen bilimlerdi basqa sharayatlarda qollana alıw túsiniledi. Ádebiy shıǵarmalardan alǵan sabaqların ómirlik tájiriybelerde qollana alıw, úyrengen sózlik qorı arqalı til baylıǵın arttırıp qálegen situaciyadan til baylıǵı, sózlerdi orınlı qollana alıwı sıyaqlı kónlikpelerin paydalanǵan halda shıǵıp ketiw múmkinshiligin úyreniw.

4. Talqılaw dárejesi. Ózlestirilgen bilimlerdi anıq sistemaǵa sala alıw. Bul shıǵarma haqqında, onıń syujet bóleklerin, qaharmanlardı, avtor hám qaharman poziciyasın talqılay alıw, kórkem súwretlew quralların anıqlaw, shıǵarmanıń temasın hám ideyasın ajirata alıw, óz pikirleri menen jantasa alıw kónlikpelerin qáliplestiriw dárejesi bolıp esaplanadı.

5. Ulıwmalastırıw dárejesi. (Sintez) Bunda oqıwshınıń ádebiyattan alǵan bilimleri tiykarında ózbetinshe bir nárseler dórete alıw, kishi dóretiwshilik jumısların (bayan, shıǵarma jumısı, referat, ádebiy keshelerge scenariy) jaza alıw qábileti rawajlandırıladı.

6. Bahalaw dárejesi. Oqıwshı bul dárejeni iyelew arqalı qanday da bir waqıyalarǵa, situaciyalarǵa, kórkem shıǵarmalarǵa baha beriwi, olardıń kórkem ortalıqta tutqan ornına baha bere alıw hám pikirlerin awızeki hám jazba túrde erkin bayanlay alıw, shıǵarma boyınsha óziniń juwmaqlawshı pikirlerin ayta alıw kónlikpesin iyelewi názerde tutıladı.

Joqarıda atap ótilgen kriteriyalardıń barlıǵı mámleketlik bilimlendiriw standartlarında belgili dárejede atap ótilgen, biraq mektep pitkeriwshileriniń kopshiligi tek biliw dárejesinde qalıp ketken, buǵan sabaqlardıń tek biliw dárejesi fonında alıp barılıwı, erkin pikirlew hám dóretiwshiliktiń derlik paydalanılmawı sebep boladı.

Bunnan keyingi basqısh *affektiv* jónelis bolıp, bul jónelis sezimlerge tiykarlanadı. Yaǵnıy oqıwshı kórkem shıǵarmanı úyreniw barısında kognitivlik basqıshtan ótkennen soń, shıǵarma qaharmanlarınıń halatın seziniwi, onıń ornına ózin qoyıp kóriwi, quwanısh hám túskinlik halatların seziniwi hám usılardan kelip shıqqan halda ómirge baha beriwdi úyreniwdi názerde tutadı. Mısalı, hár bir oqıwshı shıǵarma qaharmanlarına hártúrli baha beriwi múmkin, qaysıbir oqıwshı biz unamsız dep qabıl etetuǵın personajǵa óz sezimlerine qarap jaqsı múnásibette bolıwı, yaki kerisinshe unamlı qaharmanlarǵa keri kózqarasta bolıwı múmkin. Bunda heshbir oqıwshınıń pikiri qáte dep esaplanbawı tiyis, eger oqıwshı óz pikirin óz sezimlerinen kelip shıqqan halda dálillep bere alsa, oqıtıwshı usı processti oqıwshıda qáliplestire alsa, sabaq affektiv jónelisi boyınsha maqsetine jetken dep esaplanadı.

Keyingi basqısh psixomotor- bul dárejege jetiw ushın oqıtıwshı tárepinen oqıwshılar aldıńǵı eki dárejege basqıshpa-basqısh tayarlanǵan bolıwı zárúr, kórkem shıǵarmalardı talqılap úyrengen, shıǵarmaǵa baha bere alıw basqıshınan ótken oqıwshıdan endi ózi erkin shıǵarma dórete alıw kónlikpesin qáliplestiredi. Oqıwshı aldıńǵı teoriyalarǵa jańasha kózqaraslar bildirip, hátte olardı ózgertiwge hám rawajlandırıwǵa qaratılǵan óziniń jańa pikirlerin bere baslaydı.

Joqarıda aytılǵan pikirlerdiń ámeldegi kórinisi sıpatında orta mekteptiń 9-klasında T.Qayıpbergenovtıń “Maman biy ápsanası” romanınan berilgen úzindini úyreniw úlgisin kórip shıǵamız. Avtordıń ómirbayanı haqqında maǵlıwmat berip waqıttı kóp joǵaltıp otırmaw ushın oqıwshılarǵa úyde oqıp keliw tapsırıladı. Sabaqta tek trilogiya janrı haqqında, “Qaraqalpaq dástanı” trilogiyası úsh kitaptan ibarat ekenligi, búgingi sabaqta usı shıǵarmanıń birinshi kitabi “Maman biy ápsanası”nan úzindi uyreniliwi haqqında atap ótiliwi jeterli boladı. Oqıtıwshı oqıwshılarǵa úzindini ózi oqıp beredi hám oqıw barısında oqıwshılarǵa ózlerine unaǵan qatarlardı, túsiniksiz sózlerdi hám qaharmanlar atlarınıń astın qálem menen sızıp otırıwı kerekligi túsindiriledi. Úzindini oqıw ushın 10 minut jetkilikli boladı. Oqıwshılar tekst penen tanıstı, tekst haqqındaǵı dáslepki pikirler payda boldı. Olar endi shıǵarma avtorınıń kim ekenligi, shıǵarma ne haqqında ekenligi, qaharmanları haqqında maǵlıwmatqa iye. Bul taksonomiyanıń *biliw dárejesi* orınlanǵanlıǵın bildiredi. Túsiniw dárejesin qáliplestiriw ushın oqıwshılardıń pikirleri tıńlanadı, “Úzindi ne haqqında eken, siziń pikirińiz?” degen soraw qoyıladı. Biraq bul soraw onıń mazmunın qaytalap aytıw degeni emes, kerisinshe shıǵarma haqqındaǵı oqıwshınıń óziniń pikirleri bolıwı kerekligin túsindirip ótiw kerek. Mısalı, oqıwshı bul sorawǵa “Shıǵarma qaraqalpaq xalqınıń biy saylaw dástúri, biyler arasındaǵı ala awızlıqtıń kishkene bir kórinisin kórsetiw, xannıń turaqsızlıǵı, maqtanshaqlıǵı, jas óspirimlerdiń danalıǵı, sonıń menen birge tez juwap hám shıdamsızlıǵı, olardıń jas ózgesheligine baylanıslı minez-qulqın da ashıp beriwge qaratılǵan”- degen sıyaqlı juwaplardı berse, túsiniw dárejesi qáliplestirilgen bolıp esaplanadı. Qollanıw dárejesi basqıshında oqıwshılarǵa tekstti oqıwdan aldın berilgen tapsırma esine salınadı. Qálewshi oqıwshılarǵa ózleri sızǵan qatarlar oqıtıladı hám bul qatarlardı ne ushın tańlap alǵanlıǵı soraladı hám oqıwshı bunı talqılap beriwi kerek. Mısalı, oqıwshı úzindidegi *“-Xanımız, ruxsat etseńiz,-dep Maman jáne tikeydi. –Bálkim, berilip atırǵan juwaplar durıs shıǵar. Biraq bunday sorawlarǵa juwap beriw ushın oylanıw az. Kóp jasaǵanlar biler, bálkim. Meninshe adamdı qulaq azdırsa kerek, xanımız. –Juwabıń maqul, balam,-dedi*

*xan birden. –Men haqqındaǵı shuǵıl gáplerge erseńiz azıp ketesiz. Bárekella, Orazan ulı,-dep maqulladı otırǵanlar.”* [4.109] degen abzactı sızǵan hám ózine usı dana juwaptan belgili bir tárbiya alǵanlıǵın, keleshekte usı nárseni eslep qalıwı kerekligin túsingen, sonday-aq xannıń Mamannıń juwabın óziniń paydası ushın durıs qabıl etkenligin, negizinde Mamannıń názerde tutqanı basqa nárse ekenligin ańlay alǵan oqıwshı, qollanıw basqıshın da durıs ózlestirgenin anıqlaw múmkin. Talqılaw darejesi basqıshı joqarıdaǵı úsh dárejege qaraǵanda mektep oqıwshıları ushın biraz qıyınshılıq tuwdıradı, sebebi bunda bastan ayaq talqıǵa tartılıwı, ideyası, teması, qaharmanlarǵa sıpatlama beriliwi, kórkem súwretlew quralları tabılıwı tapsırma etip beriledi. Bundaǵı oqıwshılar ushın eń qolaylı tapsırma hár qatarǵa qaharmanlar bólip beriliwi (xan, Murat shayıq, Maman biy, Esengeldi, Allayar, Amanlıq) olarǵa minezleme beriw tapsırma qılınıwı múmkin, 10 minut waqıt beriw jetkilikli. Sonıń menen birge, teksttiń ishindegi bir abzactı alıp, sol abzacqa ózleriniń qatnasın, pikirlerin qısqa jazıwdı tapsırıwǵa boladı. Mısalı,

*“Juma. Jurt bul kúndi isenimsizlik penen kútti. Sebebi, bul jerdiń hawası ózgermeli. Jaz ba, qıs pa, jıldıń qaysı máwsimi bolıwına qaramastan, kún ózgerip sala beredi. Jazda da alasapıran dawıl turadı. Alıs jaqlardan shań ákeledi, kóz ashtırmaydı yamasa jawın boladı, suwdan kiyimleriń etińe jabısıp, tislerińe shań kiredi. Eldiń xanı Gayıp xannıń minezi de usı jerdiń tábiyatına megzes. Qápelimde ózgeredi. Usı jerdiń urıǵınday sál epkinge qıysayıp sala beredi. Sonıń aldın alıw kerek.”* [4:105]. *“*Ne ushın jurt bul kúndi isenimsizlik penen kútti?” sıyaqlı oqıwshını oylanıwǵa májbúrleytuǵın sorawlar, sonday-aq “Avtor awıldıń tábiyatı menen xannıń minezlemesin ne ushın bir-birine salıstırıp súwretledi, óz pikirleriniz benen dálilleń” degen tapsırmalar beriliwi maqsetke muwapıq boladı. Usınday tapsırmalar oqıwshılardı tekst ústinde islewge, oylanıwǵa, onı talqılawǵa, eń áhmiyetlisi jeke pikirlerin jazba bayanlawǵa baǵdarlaydı. Mine usı kónlikpelerdiń oqıwshıda qáliplese baslawı tórtinshi dárejeniń orınlanıwına tiykar jaratadı. Sintezlew yamasa ulıwmalastırıw dárejesinde uzindide berilgen xan sorawları hám juwaplardıń barlıǵın terip jazıwı hám usı pikirlerge ózleriniń qarama-qarsı yamasa tárep pikirlerin bildirip kishi kólemli esse jaratıw múmkin. Yamasa jenilirek tárizde bılayınsha soraw qoyıwǵa boladı. Úzindide berilgen xannıń sorawlarına siz qalay juwap bergen bolar edińiz? Ne ushın? Maman biydiń jeńiske erisiwin qalay bahalaysız, búgingi jaslar menen sol dáwir jaslarınıń sóylewi arasında qanday parq bar dep oylaysız yamasa xannıń unamlı tárepleri kóre aldıńız ba, bul boyınsha pikirlerinizdi bildiriń sıyaqlı sorawlar hám olarǵa pikirlerin shártli túrde jazba bayanlawın tapsırma etip bergen maqsetke muwapıq boladı, sebebi pikirdi awızsha beriwge qaraǵanda jazba jetkeriw biraz quramalı hám kóp waqıtta meńgeriledi. Búgingi kúndegi ámelge engizilip atırǵan PISA testlerinde barlıq sorawlarǵa pikirdi jazba beriliwi talap etiledi.

*Bahalaw* dárejesinde oqıwshı shıǵarma haqqındaǵı pikirlerin juwmaqlastıradı, kerek bolsa avtordıń jibergen qáte-kemshiliklerin, erisken tabısların óz poziciyasin tutqan halda bahalaydı.

*Affektiv* basqıshta shıǵarma waqıyaları, qaharmanları ózleriniń jeke ómirleri menen salıstırılıwı, ishki sezimlerinen kelip shıqqan halda ózleri qálegeninshe baha beriwge sharayat jaratıladı.

*Psixomotor* -bul eń quramalı basqısh bolıp, bunda úyrenilgen tekst yamasa shıǵarma boyınsha oqıwshı jeke dóretiwshilik jumıs isleydi, ilimiy maqala yamasa, ádebiy sın maqala jazıw sıyaqlı jumıslardı orınlaydı. Biraq, bul dáreje mektep oqıwshılarınıń barlıǵınan talap etiliwi orınsız. Bul dáreje bir sabaq yamasa bir sherek dawamında emes, jıl yamasa jıllar dawamında qáliplestiriliwi múmkin.

Juwmaqlastırıp aytqanda, Blum taksonomiyası sabaqlarda ápiwayıdan quramalıǵa qaray basqıshpa-basqısh ótiw, oqıwda hám úyreniwde oqıwshılardıń maqsetti durıs belgilew, tapsırmalardı sistemalı túrde orınlaw hám eń tiykarǵısı bilimlendiriw hám jámiyetke zárúr bolǵan erkin pikirli oqıwshılardı tárbiyalawda úlken áhmiyetke iye.

**Ádebiyatlar**


1. Йўлдош Қ., Йўлдош М. Бадиий таҳлил асослари.- Тошкент: 2016. 305-б.
2. Qomus. INFO. Onlayn ensiklopediya.
3. https://ru.wikipedia.org/wiki. Википедия. Свободная энциклопедия.
4. Mámbetnazarov T., Bekbergenova Z., Mambetniyazova Z. Ádebiyat. 9-klass ushın sabaqlıq. -Nókis: «Bilim», 2019, 304-b.



**REZYUME**

Mazkur maqolada maktablarda qoraqalpoq adabiyotini o’qitishda Blum taksonomiyasidan foydalanish yo’llari T.Qayipbergenovning “Maman biy afsona”si asari asosida o’rganildi.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются способы использования таксономии Блума в преподавании каракалпакской литературы в школах на основе произведения Т.Кайипбергенова «Маман бий афсона».

**SUMMARY**

In this article, the ways of using Blum's taxonomy in teaching Karakalpak literature in schools are studied on the basis of T.Kayipbergenov's "Maman biy afsona".


## THE BRIDGE OF HEARTS FROM AMASYA TO NAVOIY: "FERHAT AND ŞIRIN LOVERS MUSEUM"


**Keziban Orbay** – doctor of physical and mathematical sciences, professor
**Metin Orbay** – doctor of physical and mathematical sciences, professor
*Amasya University , Faculty of Education, 05189 Amasya - TURKEY*



**Таянч сўзлар:** Ali Shir Nevayy, Ferhat va Shirin, nomoddiy madaniy meros, muzey.
**Ключевые слова:** Али Шир Невайи, Ферхат и Ширин, Нематериальное культурное наследие, Музей.
**Key words:** Ali Şir Nevâyî, Ferhat and Şirin, Intangible Cultural Heritage, Museum.


### Introduction

In Turkish Cultural History, folk tales are among the most important treasures of our culture and are among the first literary products of the transition from nomadic life to permanent settlement. Folk tales in Turkish folk literature are classified according to their subjects or sources. When classified according to subjects, they are addressed as love stories, hero stories, religious epic/social stories, and short stories (Albayrak, 2005). Especially the love stories were disseminated by minstrels and public storytellers in coffee-houses via oral transmission in the period when communication technologies (such as cinema, television, and radio) were not widespread and became an indispensable type of oral literature that meets the literary needs of the people. Ferhat and Şirin, Leyla and Mecnun, Kerem and Aslı are the primary ones among these love stories (Albayrak, 2005).

The proliferation of mass media, rapid urbanization and the dominant culture brought on by globalization in the last century have affected the local oral culture and led the folk tales to be largely forgotten. Especially the younger generations are observed to be under the influence of the dominant culture and rapidly drifting apart from their values (Mazrui, Dikirr and Kafrawi, 2008; Oğuz, 2018; Huntington, 1996).